



REPUBLICQUE D'HAITI

**MINISTÈRE DE LA SANTE PUBLIQUE  
ET DE LA POPULATION**

No. *BH-01-19 3540*Port-au-Prince, le *18 JAN. 2019* 20

**Nòt Pwotestasyon**

Ministè Sante Piblik ak Popilasyon denonse ak tout fòs li, zak malonèt ki pase nan lopital Inivèsite Leta Dayiti nan lannwit madi 15 pou rive mèkredi 16 janvye 2019, kote moun ak zam rantre nan enstitisyon an epi rache nan men doktè yon malad ki tap pran swen ka li te nesesite epi touye l devan lopital la.

Ministè a vle raple lopital, se yon zòn ki envyolab. Okenn moun pa dwe vin fè li tounen yon kote pou afwontman oswa règleman kont.

Zak sila a se yon vyolasyon grav dwa tout moun genyen pou yo genyen lavi ak jwenn laswenyay.

Ministè a ap rasire pèsònèl nan lopital yo, anpil mezi deja pran pou ranfòse sekirite yo ak sekirite lopital yo, pandan l ap mande lajistis idantifye epi jije tout moun ki komèt zak sa.

*Dr Marie Gréta Roy CLEMENT*  
**Dr Marie Gréta Roy CLEMENT**  
 Minis

